

FÒMILÈ ENFÒMASYON SOU PWOPOZISYON AN

Pwojè Aplikan an Non Lokalite a Adrès Pwojèa Deskripsyon Fon CDBG DR Total yo Mande	Dat: Itilize modèl egzanplè Bidjè a pou w kalkile kantite total inite nou te sèvi ak fon CDBG-DR ou estime pa inite
--	--

I. KONFÒMITE A LIMIT CDBG DR LA

NOTE BYEN: DEO pap apwouve pwopozisyon kote yo pa satisfè yon Objektif Nasyonal CDBG-DR epi yo pa enkli Aktivite Elijib yo.

A. Objektif Nasyonal: Tanpri make "Wi" nan bwat ki akote Ojektif Nasyonal apwopriye a:

Zòn sèvis ki gen revni fèb/modere	Bezwen ljan
-----------------------------------	-------------

1 Ekri yon lis ki gen tout distri Kongrasyonèl ak Lejislatif Florid pwojè sa a pral sèvi yo.

2 Ekri yon lis ki gen popilasyon total, popilasyon Revni Fèb-Modere ak pousantaj popilasyon an ki gen revni Fèb ak Modere pou zòn sèvis la.

Popilasyon Total Zòn Sèvis la:	# Fwaye ki gen Revni Fèb-Modere:	% Fwaye ki gen Revni Fèb-Modere:
--------------------------------	----------------------------------	----------------------------------

3 Bay yon deskripsyon brèv ki montre fason yo te detèmine zòn sèvis la.

B. Aktivite Elijib la

Tanpri make "Wi" nan bwat ki akote bwat **Aktivite Elijib** pwogram oswa pwojè w la pral sèvi a:

- Restorasyon enfrastrikti (pa egzanp enstalasyon dlo ak egou yo, ri yo, dèlko, netwayaj debri, drenaj, pon yo, elatriye.);
- Etablisman piblik yo tankou refij kominotè ijans yo;
- Demolisyon, reyabilitasyon bilding komèsyal oswa endistriyèl piblik oswa prive yo; ak
- Reyalimantasyon sistèm din pwotektiv kotyè yo

Tanpri make "Wi" pou w presize **Popilasyon Vilnerab** yo pral sèvi yo:

- Bezwen lojman tranzisyon, lojman sipò pèmanan, ak lojman pèmanan pou moun ak fanmi ki sanzabri yo epi ki arisk pou yo vin sanzabri yo
- Prevansyon moun ak fanmi ki gen timoun ki gen revni fèb yo pou anpeche yo vin sanzabri, moun ki gen bezwen
- Espesyal ki pa sanzabri men ki bezwen gen lojman sipò

C. Bezwen ki pa Satisfè yo

NOTE BYEN: Tout aktivite CDBG-DR yo dwe abòde byen klè yon enpak katastwòf la genyen. Aktivite atenyasyon oswa preparasyon yo ki pa fè pati efò rekonstriksyon yo jeneralman inelijib kòm aktivite rekiperasyon nan kad pwogram CDBG-DR la.

EventBezwen ki pa Satisfè ki Lye a Evènman Katastwòf Ouragan Irma a.

Dekri fason aktivite yo pwopoze a pral abòde yon Bezwen Ki Pa Satisfè ki lye a enpak dega katastwòf la.

- 1
- 2 Dekri fason pwogram oswa pwojè yo pwopoze a ap prensipalman abòde **Bezwen Lojman Ki Pa Satisfè yo** jan yo preskri nan Plan Daksyon CDBG-DR la.
- 3 Prezize Inite ak Finansman k ap **Sèvi Popilasyon LMI yo** ak **Analiz Pri-Avantaj la**

Montan Kontra CDBG-DR yo Pwopoze a	Kantite Total Inite yo Estime	Asistans CDBG-DR Maksimòm Pa Inite	% Inite k ap Sèvi Popilasyon LMI yo	# Inite k ap Sèvi Popilasyon LMI yo	Kantite \$ Sibvansyon k ap Sèvi Popilasyon LMI yo

- 4 Dekri fason pwogram oswa pwojè yo pwopoze a ap **prezansman sèvi popilasyon ki gen revni fèb ak modere yo** jan yo preskri nan Plan Daksyon CDBG-DR la.

- 5 **Amelyorasyon Enfrastrikti** yo, bay yon deskripsyon brèv sou fason amelyorasyon yo pwopoze yo ap **prezansman sèvi lojman k ap sèvi popilasyon ki gen revni fèb ak modere yo** jan yo preskri nan Plan Daksyon CDBG-DR la.

- 6 Dekri fason amelyorasyon enfrastrikti yo pwopoze yo aliyen ak plan atenyasyon ak rezistans lokal yo.

II. KAPASITE JESYON

- 1 Dekri wòl anplwaye, kontakè ak/oswa vandè enpòtan yo nan kad jesyon operasyon pwogram oswa pwojè yo pwopoze pou CDBG-DR finansè a. Ekri yon lis ki gen nenpòt anplwaye adisyonèl yo pral anboche ak/oswa itilize sèvis yo ak ki wòl y ap genyen.
 - 2 a. Ki jan de **eksperyans ak kapasite manm kle ki nan ekip jesyon an yo genyen?**

 - b. Dekri nenpòt pwojè ki konparab a pwojè ki nan aplikasyon sa a ke aplikan an te jere pandan senk (5) ane ki sot pase la yo.

 - c. Tanpri evalye kisa ki te byen mache, ki kote ki bezwen amelyorasyon ak etap yo te pran pou konble eka nan kapasite sa a yo.

- 3 Si ekip jesyon an poko konplètman fòme, tanpri bay yon deskripsyon **pwosesis akizisyon** ke Aplikan an pral swiv pou l devlope kapasite jesyon pwogram ak pwojè a.
- 4 Si yo atribiye fon CDBG-DR yo, epi si sa nesèsè, ki estrateji w genyen pou ogmante anplwaye ak kapasite jesyon operasyon yo? Ki plan w genyen pou pwogram lan ak jesyon pwogram ak pwojè a an tèm de anplwaye, kontraktè ak/oswa vandè ou anboche deja yo?

✓ Yo ankouraje w fè Tablo Òganizasyon yo ak deskripsyon wòl yo, men li pa obligatwa pou w fè l pou aplikasyon sa a.

5 **Politik Pou Sitwayen yo Pote Plent**

Èske aplikan an gen yon politik pou sitwayen yo pote plent, politik akizisyon ak demenajman, politik sou akizisyon ak plan asistans lojman an plas ki satisfè direktiv HUD la yo?

Politik Pou Sitwayen yo Pote Plent

Politik Pou Sitwayen yo Pote Plent

Plan Asistans Lojman an

Politik Akizisyon

Piske sa se yon egzijans obligatwa pou w resevwa finansman, tanpri vizite sitwèb CDBG-DR la pou w wè egzanz yo:
<http://floridajobs.org/docs/default-source/office-of-disaster-recovery/hurricane-irma/irma-comprehensive-policies-and-procedures-draft-5-3-2019.pdf?sfvrsn=2>

III. PRÈ POU AVANSE

- A. Chwazi "Wi" oswa "Non" pou faktè kle yo te rive atenn pou sipòte ke pwogram oswa pwojè a prè pou l avanse:

Dokiman Sipò

Kontwòl Sit:

Zonaj ak Apwobasyon Kominotèl:

Otorizasyon Anviwònmanal:

Manm Ekip Devlopman ak Konstriksyon an ke yo itilize Sèvis yo ak ki sou Kontra:

Angajman Fon Korespondan yo:

- B. Dekri nenpòt pwoblèm ak solisyon yo pwopoze pou abòde etap Prè pou Avanse a:

- C. Konfime ke w te soumèt yon **Plan Travay Pwodiksyon** ki montre sou baz masyèl konbyen tan ak anplwaye k ap nesèsè pou rive atenn Etap Enpòtan yo

IV. BIDJÈ KI NAN YON PRI REZONAB

A. Bidjè pwopozisyon an dwe reflekte pri rezonab ak efò pozitif pou siplemante fon CDBG-DR yo ak finansman adisyonèl pou abòde bezwen ki pa satisfè yo. Eksplikasyon Bidjè a dwe reflekte rechèch, estimasyon ak/oswa pri kontraktyèl pou pwogram oswa pwojè yo pwopoze yo.

Bay yon **Eksplikasyon Bidjè** ki dekri:

1. Pri yo estime yo ak sous finansman an yo. Apwòch y ap itilize pou jere ak peye pou pwogram oswa pwojè yo pwopoze a.

2. Sou ki baz yo estime pri sa yo ak metòd yo itilize pou jenere yon bidjè ki nan yon pri rezonab. Bay estimasyon, òf, orè ak/oswa estimasyon ki soti nan lòt pwojè konparab yo.

3. Deskripsyon fason pwojè yo pwopoze a pa dwe gen avantaj doub yo jan yo preskri nan Plan Daksyon CDBG-DR la.

B. Levye Finansye ak Sous Adisyonèl yo Angaje yo.

Sous	Montan	Angaje (Wi/Non)	Si yo pa angaje, ekri nan ki pwen li ye anvè atent angajman
total:			▪ Ekri valè \$ Egzansyon Frè Enpak Lokal yo si yo disponib.
Si gen fon adisyonèl yo anganje, bay kopi lèt angajman oswa lòt evidans ki montre gen angajman an.			<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
Konfime ke demann finansman yo pwopoze a se pou Pwogram oswa pwojè FEMA PA korespondan epi soumèt angajman PA a			<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non

V. REZISTANS KONT KATASTWÒF TANPÈT

1 Dekri fason pwogram ak/oswa pwojè yo pwopoze pou CDBG-DR finance a pral investi nan efò rezistans kont dega tanpèt yo alavni nan yon fason pwoaktiv jan yo preskri nan Rejis Federal la ak Plan Daksyon an.

VI. DOKIMAN SIPÒ

A. Kat Jewografik Zòn Sèvis yo

Pou pwopozisyon ki konsène Enfrastrikri ak Revitalizasyon Ekonomik yo, tanpri bay yon kat jewografik ki gen yon sipèpozisyon ki montre byen klè:

- 1 Lokalite a ak/oswa Zòn Sèvis Pwojè a
- 2 Zòn sèvis ki gen revni Fèb ak Modere
- 3 Kat Jewografik Plèn Inondab ki pi Resan an

B. Lòt Konsiderasyon yo

Dekri nenpòt revizyon reglemantè tankou revizyon oswa sistèm reglemantè Federal oswa Eta a ki ka gen jiridiksyon sou aktivite yo pwopoze a (yo), tankou, pwogram federal Kò Enjenyè yo ak Ajans pou Pwoteksyon Anviwònmanal la (EPA); ak pwogram Eta a yo.

VI. SÈTIFIKASYON

Antanke Fonksyonè Egzekitif otorize a, mwen sètifye ke anplwaye, kontraktè, vandè ak patnè kominotè nan kad inisyativ pou rekiperasyon aprè tanpèt nou an:

- A. Pral konfòm a tout egzijans HUD ak Florid la yo nan kad administrasyon aktivite nou pwopoze pou CDBG-DR finanse yo;
- B. Pral travay nan fason kowoperativ pou nou egzekite Akò Sou-Benefisyè a ki ofri yon chemen pou pwogram ak/oswa pwojè CDBG-DR (yo) reyisi epi;
- C. Sètifye ke tout enfòmasyon nou soumèt nan aplikasyon sa a vrè epi presi.

Siyen la:

Non:	Dat